



# Rezim prestasyon

2024

AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO-SNP)  
Konte Palm Beach, Broward,  
Miami-Dade, FL

Ti liv sa a ba w yon rezime sou sèvis nou peye pou yo ak sa ou gen pou peye. Li pa mansyone tout sèvis nou peye pou yo ni li pa site tout limitasyon oswa esklizyon ki aplike yo. Pou jwenn yon lis ki mansyone tout sèvis nou peye pou yo, ban nou yon koutfil pou mande dokiman ki rele *Prèv asirans lan* (*Evidence of Coverage, EOC*) oswa ale sou [www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl](http://www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl).

#### Nimewo telefòn ak sitwèb AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO-SNP):

- Si w se yon manm plan sa a, rele nan nimewo gratis **1-833-535-3767 (TTY 711)**, ant dat 1<sup>re</sup> oktòb ak 31 mas, soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, sèt jou sou sèt. Ant dat 1<sup>re</sup> avril ak 30 septanm, rele soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, lendi pou vandredi.
- Si w pa yon manm plan sa a, rele nan nimewo gratis **1-800-858-1487 (TTY 711)**, ant dat 1<sup>re</sup> oktòb ak 31 mas, soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, sèt jou sou sèt. Ant dat 1<sup>re</sup> avril ak 30 septanm, rele soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, lendi pou vandredi.
- Ale sou sitwèb nou an nan adrès [www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl](http://www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl).

#### Kiyès ki ka enskri nan AmeriHealth Caritas VIP Care?

Pou enskri nan AmeriHealth Caritas VIP Care, se pou w kalifye pou jwenn Medicare Part A, se pou w enskri nan Medicare Pati B, epi se pou w enskri nan pwogram Florida Medicaid la. Se pou w kalifye pou Medicaid nan youn nan kategori èd sa yo:

- Qualified Medicare Beneficiary Plus (QMB+).
- Qualified Medicare Beneficiaries (QMB).
- Specified Low-Income Medicare Beneficiary Plus (SLMB+).
- Full Benefit Dual Eligible (FBDE).

Se pou w rete nan zòn sèvis nou. Zòn sèvis nou an genyen konte sa yo ladan I nan eta Florid:  
**Palm Beach, Broward, Miami-Dade.**

Si w anvizaje enskri men ou gen kesyon sou kalifikasyon w yo, rele nan **1-800-858-1487 (TTY 711)**.

#### Ki doktè, lopital ak famasi mwen ka itilize?

- AmeriHealth Caritas VIP Care genyen yon rezo doktè, lopital, famasi ak lòt pwofesyonèl ak etablisman sante. Ou sipoze resevwa swen nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki fè pati rezo a. N ap peye pou sèvis plan an peye pou yo sèlman si w jwenn yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki fè pati rezo a. Nan pifò ka yo, si w jwenn swen nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki fè pati rezo a, w ap gen pou peye pou sa. Pwofesyonèl ak etablisman sante yo ki pa nan rezo a oswa ki pa gen kontra avèk nou pa gen obligasyon pou yo trete manm AmeriHealth Caritas VIP Care yo, sof nan sitiayson ijans. Tanpri rele nan nimewo ekip sèvis pou manm yo oswa konsilte dokiman *Prèv asirans lan* pou jwenn plis enfòmasyon, pa egzanp sou depans pataje ki aplike pou sèvis ou jwenn deyò rezo a.

- An jeneral, se pou w al chèche medikaman sou preskripsyon Pati D plan an peye pou yo nan yon famasi ki fè pati rezo a.
- Ou kapab konsilte lis pwofesyonèl ak etablisman sante plan an ak lis famasi plan an sou sitwèb nou an nan adrès [www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl](http://www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl).
- Epitou, ou kapab rele nou pou n voye yon kopi lis pwofesyonèl ak etablisman sante a ak yon kopi lis famasi a ba w.

### Sèvis nou peye pou yo

- Menm jan ak tout lòt plan sante Medicare yo, nou peye pou tout sèvis Original Medicare peye pou yo, epi nou peye pou lòt bagay ankò.
  - Manm plan yo jwenn tout prestasyon Original Medicare peye pou yo.
  - Mete sou sa, manm plan yo jwenn plis pase sa Original Medicare peye pou yo. Ti liv sa a mansyone kèk nan prestasyon siplemantè sa yo.
- Nou peye pou medikaman Pati D yo. Epitou, nou peye pou medikaman Pati B tankou medikaman chimyoterapi ak kèk medikaman pwofesyonèl sante w ka ba w.
  - Ou kapab wè tout fòmilè plan an (lis medikaman sou preskripsyon Pati D a) ak restriksyon ki aplike yo sou sitwèb nou an nan adrès [www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl](http://www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl).
  - Epitou, ou kapab rele nou pou n voye yon kopi fòmilè a ba w.

### Ki jan m ap fè konnen konbyen kòb medikaman m yo ap koute m?

- Plan nou an mete tout medikaman yo nan yon sèl nivo. Tout medikaman yo genyen yon kópeman \$0 pou chak preskripsiyan.

# Rezim prestasyon

1<sup>re</sup> JANVYE 2024 – 31 DESANM 2024

Prestasyon	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO-SNP)
	Prim yom ko-peman yo, ko-asirans yo ak franchiz yo gendwa chanje selon kategori ou kalifye pou li a anba Medicaid ak/oswa nivo èd siplemantè ou resevwa a.
Prim ou peye chak mwa a	Ou peye \$0.  (Ou dwe kontinye peye prim Medicare Pati B w yo si Medicaid oswa yon lòt òganizasyon pa peye pou yo.)
Franchiz	Plan sa a pa gen okenn franchiz.
Montan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou	Nan plan sa a, ou ka pa gen anyen pou peye pou sèvis Medicare peye pou yo, selon nivo ou kalifye pou li a anba Medicaid.  Men ki limit ou genyen pou ane a nan plan sa a: \$8,850 pou sèvis ou te resevwa nan men pwofesyonèl ak etablisman sante ki nan rezo a.  Si w rive nan limit sa ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou, plan an ap peye pou tout sa sèvis lopital ak sèvis medikal ou jwenn yo koute pou rès ane a.
Sèvis lopital pandan pasyan an entène	Ko-peman \$0 chak lè ou entène  <i>Yon otorizasyon alavans nesesè.</i>
Sèvis lopital san pasyan an pa entène	Ko-peman \$0  Sa gen ladan I sèvis ki nesesè pou rezon medikal pou dyagnostike oswa trete yon maladi oswa yon blesi.  <i>Se pa tout sèvis prevansyon oswa sèvis dyagnostik pasyan an resevwa san li pa entène ki mande yon otorizasyon.</i>
Sant chirijikal anbilatwa	Ko-peman \$0  <i>Yon otorizasyon alavans nesesè.</i>

Prestasyon	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO-SNP)
Vizit kay doktè (doktè swen prensipal ak espesyalis)	<ul style="list-style-type: none"> <li>Vizit kay pwofesonèl sante prensipal (PCP): Ko-peman \$0 pou chak vizit.</li> <li>Vizit woutin: Ko-peman \$0 pou chak vizit.</li> <li>Swen nan men yon espesyalis: Ko-peman \$0 pou chak vizit.</li> </ul>
Swen prevansyon	<p>Ko-peman \$0</p> <p>Plan nou an peye pou anpil sèvis prevansyon, tankou:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Depistaj pou anevris awòtik abdominal.</li> <li>Konsèy pou moun ki abize alkòl.</li> <li>Mezi mas osez.</li> <li>Depistaj pou kansè tete (mamografi).</li> <li>Maladi kadyovaskilè (terapi konpòtmantal).</li> <li>Depistaj kadyovaskilè.</li> <li>Depistaj pou kansè sèvikal ak kansè vajinal.</li> <li>Depistaj pou kansè kolorektal (kolonoskopi, tès san ki kache nan poupou, sigmoydoskopi fleksib).</li> <li>Depistaj pou depresyon.</li> <li>Depistaj pou dyabèt.</li> <li>Fòmasyon pou ede moun aprann jere dyabèt poukont yo.</li> <li>Sèvis ak founiti pou moun ki gen dyabèt.</li> <li>Pwogram edikasyon sou sante ak byennèt.</li> <li>Depistaj VIH.</li> <li>Depistaj pou kansè poumon.</li> <li>Terapi nitrisyon medikal.</li> <li>Pwogram prevansyon dyabèt Medicare (MDPP).</li> <li>Depistaj ak konsèy pou obezite.</li> <li>Depistaj pou kansè pwostat (PSA).</li> <li>Depistaj ak konsèy pou enfeksyon ki transmèt nan sèks.</li> <li>Konsèy pou ede moun kanpe tabak (konsèy pou moun ki pa gen okenn siy ki montre yo gen yon maladi ki gen rapò ak tabak); <ul style="list-style-type: none"> <li>Kat vizit siplementè kay doktè an pèsèon pou ede moun sispann fimen/tilize tabak chak ane.</li> </ul> </li> <li>Vaksen, tankou vaksen kont grip la, vaksen kont epatit B a, vaksen kont nemokòk la, vaksen kont COVID-19 la.</li> <li>Swen vizyon.</li> <li>Vizit prevansyon pou moun ki fèt jwenn Medicare (yon sèl fwa).</li> <li>Egzamen fizik woutin ki sipoze fèt chak ane a.</li> </ul> <p>Plan an ap peye pou nenpòt lòt sèvis prevansyon Medicare apwouve pandan ane kontra a.</p>

Prestasyon	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO-SNP)
Swen ijans	<p>Ko-peman \$0</p> <p>Depans pataje pou sèvis ijans ki nesesè yo manm nan resevwa deyò rezo a se menm depans pataje manm nan genyen lè li resevwa jan de sèvis sa yo nan rezo a.</p>
Sèvis rapid	<p>Ko-peman \$0</p> <p>Sa gen ladan I sèvis ki nesesè pou trete yon maladi, yon blesi oswa yon pwoblèm medikal ki pa yon ijans, ki parèt sanzatann e ki mande yon atansyon medikal imedyat.</p> <p>Depans pataje pou sèvis rapid ki nesesè yo manm nan resevwa deyò rezo a se menm depans pataje manm nan genyen lè li resevwa jan de sèvis sa yo nan rezo a.</p>
Sèvis dyagnostik/analiz nan laboratwa/imajri  (sa gen ladan I tès ak pwosedi dyagnostik, analiz nan laboratwa, radyoloji dyagnostik ak radyografi)	<p>Ko-peman \$0</p> <p>Sèvis sa yo gen ladan yo bagay sa yo ak lòt bagay ankò:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Tès ak pwosedi dyagnostik.</li> <li>• Analiz nan laboratwa.</li> <li>• Sèvis radyoloji dyagnostik (tankou imajri rezonans mayetik [MRI], anjyografi rezonans mayetik [MRA], tomografi enfòmatik [CT] ak tomografi emisyon pozitwon [PET]).</li> <li>• Radyografi san pasyan an pa entène.</li> </ul> <p><i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p>
Sèvis odisyon	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Ko-peman \$0 pou yon maksimòm yon egzamen odisyon woutin chak ane.</li> <li>• Ko-peman \$0 pou yon sèvis ajisteman aparèy pou tandé chak ane.</li> <li>• Ko-peman \$0 pou 80 batri pou chak aparèy pou tandé pou modèl ki pa ka rechaje yo.</li> <li>• \$1,500 pou achte aparèy pou tandé chak ane (limit pa se yon aparèy pou tandé pou chak zòrèy).</li> </ul> <p>Chak lè manm nan achte yon aparèy pou tandé ki gen mak TruHearing, li ka ale kay pwofesyonèl sante a pou vizit suivi pou ajisteman ki nesesè yo pandan yon ane. Vizit sa yo disponib pandan 12 mwa ki vin apre li achte aparèy pou tandé ki gen mak TruHearing lan, epi yo disponib sèlman si li achte yon aparèy pou tandé ki gen mak TruHearing.</p>

Prestasyon	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO-SNP)
Sèvis dantè	<p>Nou peye pou sèvis sa yo:</p> <p><b>Prevansyon:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Egzamen bouch – youn chak sis mwa: Ko-peman \$0.</li> <li>• Netwayaj – youn chak sis mwa: Ko-peman \$0.</li> <li>• Tretman fliyowid – youn chak sis mwa: Ko-peman \$0.</li> <li>• Radyografi dantè – kat chak ane: Ko-peman \$0.</li> </ul> <p>Plan an pa gen limit pou ane a pou prestasyon dantè prevansyon.</p> <p><b>Konplè:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Ti restorasyon (plonbaj).</li> <li>• Rache dan pa mwayen metòd senp lan oswa pa mwayen chirri.</li> <li>• Fo dan, reparasyon fo dan ak rebazaj.</li> <li>• Chiriji nan bouch.</li> <li>• Pawodonti/andodonti.</li> <li>• Kouwòn.</li> <li>• Mini-enplan.</li> </ul> <p>Plan an pa gen limit pou ane a pou prestasyon dantè konplè.</p> <p><i>Yon otorizasyon alavans ak yon limit gendwa aplike pou kèk sèvis dantè konplè.</i></p>
Sèvis vizyon	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Ko-peman \$0 pou dyagnostik ak tretman Medicare peye pou yo pou maladi ak pwoblèm je.</li> <li>• Ko-peman \$0 pou yon maksimòm yon egzamen vizyon woutin chak ane.</li> <li>• Jiska \$350 chak ane pou achte yon pè linèt (vè ak monti) oswa yon pè lantiy kontak.</li> </ul>

Prestasyon	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO-SNP)
Sèvis sante mantal	<p>Ko-peman \$0</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Vizit pandan pasyan an entène.</li> <li>• Vizit terapi an gwoup san pasyan an pa entène.</li> <li>• Vizit terapi individyèl san pasyan an pa entène.</li> </ul>
Etablisman swen enfimyè espesyalize (SNF)	<p>Ko-peman \$0</p> <p>Plan nou an peye pou yon maksimòm 100 jou nan yon SNF nan chak peryòd prestasyon.</p> <p><i>Yon otorizasyon alavans nesesè.</i></p>
Fizyoterapi	<p>Ko-peman \$0</p> <p><i>Yon otorizasyon alavans nesesè.</i></p>
Anbilans	<p>Ko-peman \$0</p> <p><i>Yon otorizasyon alavans nesesè pou sèvis anbilans si sitiyasyon an pa yon ijans.</i></p>
Transpò	<p>Ko-peman \$0</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Trajè san limit pou ale nan lokal plan an apwouve chak ane (p. eg. kabinè doktè a, famasi ak lopital).</li> </ul> <p><i>Yon otorizasyon alavans nesesè pou nenpòt trajè ale sèlman ki depase 50 mil. Gen lòt règ ki aplike pou otorizasyon alavans yo ak rezèvasyon yo.</i></p>
Medikaman Medicare Pati B	<p>Ko-peman \$0</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Medikaman chimyoterapi.</li> <li>• Lòt medikaman Medicare Pati B.</li> </ul> <p><i>Yon otorizasyon alavans nesesè.</i></p>

## Etap 1: Etap franchiz la

Franchiz	Plan sa a pa gen okenn franchiz pou medikaman anba Pati D yo. Etap peman sa a pa aplike.
----------	--

## Etap 2: Etap kote plan an kòmanse peye

Medikaman sou preskripsyon Pati D - Depans pataje estanda nan famasi ki vann pwodui bay konsomatè yo

Kantite medikaman ki dire yon mwa (30 jou), de mwa (60 jou) ak 100 jou	Ko-peman \$0
--	--------------

Medikaman sou preskripsyon Pati D - Depans pataje estanda nan famasi ki vann pwodui pa korespondans

Kantite medikaman ki dire 100 jou	Ko-peman \$0
-----------------------------------	--------------

## Etap 3: Etap kote plan an sispann peye

Etap kote plan an sispann peye	Ko-peman \$0 pou chak medikaman san preskripsyon
--------------------------------	--

## Etap 4: Etap kote plan an peye nan sitiyasyon katastwòf

Etap kote plan an peye nan sitiyasyon katastwòf	Entadone ou peye \$0 kòm ko-peman pou chak medikaman sou preskripsyon, etap peman sa a pa aplike pou ou.
---	--

Prestasyon siplemantè plan an peye pou yo	
Prestasyon	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO-SNP)
Akiponkti	<ul style="list-style-type: none"> <li>Ko-peman \$0 pou vizit akiponkti Medicare peye pou yo</li> <li>Ko-peman \$0 pou 12 vizit akiponkti woutin chak ane</li> </ul> <p><i>Yon otorizasyon alavans nesesè pou prestasyon akiponkti Medicare peye pou li a.</i></p>
Swen chiwopratik	<ul style="list-style-type: none"> <li>Ko-peman \$0 pou swen chiwopratik Medicare peye pou yo</li> <li>Ko-peman \$0 pou 12 vizit chiwopratik woutin chak ane</li> </ul>
Ekipman/founiti medikal	<p>Ko-peman \$0</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Ekipman medikal dirab (p. eg. chèz woulant ak oksijèn).</li> <li>Pwotèz (p. eg. atèl, manm atifisyèl ak pwotèz tete).</li> </ul> <p><i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p>
Sèvis sante a domisil	<p>Ko-peman \$0</p> <p>Sèvis sa yo gen ladan yo bagay sa yo ak lòt bagay ankò:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Sèvis yon enfimyè espesyalize ak sèvis yon èd sante a domisil ki entèmitan oswa a tan pasyèl (pou plan an peye pou prestasyon swen sante a domisil la, total sèvis enfimyè espesyalize a ak sèvis èd sante a domisil la pa dwe depase 8 èdtan pa jou ak 35 èdtan pa semèn)</li> <li>Fizyoterapi, ègoterapi ak òtofoni</li> <li>Sèvis meedikal ak sèvis sosyal</li> <li>Ekipman ak founiti medikal</li> </ul> <p><i>Yon otorizasyon alavans nesesè.</i></p>

Prestasyon siplemantè plan an peye pou yo	
Prestasyon	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO-SNP)
Prestasyon repa apre yon egzeyat	<p>Ko-peman \$0</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Prestasyon repa apre egzeyat la peye pou 14 repa pa semèn pandan kat semèn pou yon manm ki oblige ret lakay li e ki kalifye apre li egzeyate nan yon etablisman kote li te entène oswa nan yon etablisman swen enfimyè espesyalize.</li> </ul> <p><i>Li nesesè pou doktè a refere manm nan.</i></p>
Sèvis nan kad pwogram tretman pou opyoïd	<p>Ko-peman \$0</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Konsèy pou abi sibstans.</li> <li>Terapi endividylè ak terapi an gwoup.</li> <li>Depistaj toksikoloji.</li> </ul>
Reyabilitasyon san pasyan an pa entène.	<p>Ko-peman \$0</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Sèvis reyabilitasyon kadyak (pou kè a).</li> <li>Vizit ègoterapi.</li> <li>Vizitt fizyoterapi ak vizit òtofoni pou ede moun pale.</li> </ul> <p><i>Yon otorizasyon alavans nesesè.</i></p>
Telemedsin	<p>Ko-peman \$0</p> <p>MDLIVE ofri tout manm yo posiblite pou yo pale avèk yon doktè ki patisipe nan telefòn, sou òdinatè yo oswa sou aparèy mobil yo 24 sou 24, 7 jou sou 7, pandan tout ane a. Manm yo kapab konsilte yon doktè pou jwenn swen medikal, konsèy oswa sèvis sikyatrik. Epitou, manm yo ka pran yon randevou telemedsin pou pi devan.</p>
Lòt sèvis pou ede moun sispann fimen oswa sèvi ak tabak	<p>Ko-peman \$0</p> <p>Kat vizit siplemantè kay doktè an pèsèon pou ede moun sispann fimen/outilize tabak chak ane. Vizit sa yo ajoute sou uit vizit Medicare peye pou yo. Sa bay yon total 12 vizit pandan yon peryòd 12 mwa.</p>

Prestasyon siplemantè plan an peye pou yo	
Prestasyon	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO-SNP)
Prestasyon djim	<p>Ko-peman \$0</p> <p>SilverSneakers® se yon prestasyon fitnès ki gratis. Li pèmèt manm yo ale nan etablisman fitnès SilverSneakers® ki patisipe yo, jwenn resous pou byennèt yo sou Entènèt epi patisipe nan kou fitnès.</p>
Liy enfimyè 24/7 la	<p>Ko-peman \$0</p> <p>Liy enfimyè 24/7 la se yon sèvis ki disponib pou tout manm yo 24 sou 24, sèt jou sou sèt. Sèvis sa a la pou bay manm yo yon resous k ap reponn kesyon yo genyen yo sou sante e pou rekòmande yo nivo swen yo ka bezwen an.</p>
Pwodui yo vann san preksipsyon	<p>Ko-peman \$0</p> <p>Prestasyon an gen ladan l yon maksimòm \$180 chak mwa pou achte pwodui yo vann san preksipsyon ki nan katalòg pwodui san preskripsiyan an, pou achte pwodui ki nan pòtay pou pase kòmann sou Entènèt lan oswa pou achte pwodui ki kalifye nan etablisman ki vann pwodui bay konsomatè ki patisipe yo pa mwayen yon kat debi ki gen limit sou li. Pa gen limit sou kantite pwodui manm nan ka achte ni sou kantite kòmann manm nan ka pase. Nenpòt kòb ki rete ap ekspire otomatikman nan fen mwa a oswa lè manm nan dezenskri nan plan an.</p>
Sèvis podyatri	<p>Ko-peman \$0</p> <p>12 vizit woutin pou swen pye chak ane.</p>
Swen ijans/rapid toupatou nan monn nan	<p>Ko-peman \$0</p> <p>Yon maksimòm \$50,000 kòm prestasyon pou ane a pou swen ijans toupatou nan monn nan, pou swen rapid toupatou nan monn nan e pou sèvis transpò toupatou nan monn nan.</p>
Asirans selon valè a (Value-Based Insurance Design Coverage, VBID)	<p>Ko-peman \$0</p> <p>Manm ki kalifye akoz sitiyasyon sosyo-ekonomik yo (LIS) kapab itilize \$180 sou kòb yo jwenn pou pwodui san preskripsiyan chak mwa a pou achte pwodui alimantè ki kalifye nan kèk etablisman ki vann pwodui bay konsomatè yo ki patisipe, pou kòmande pwodui FarmBox pa korespondans (gen limit ki aplike sou kantite pwodui sa yo), epi pou peye pou lwaye kay ak sèvis kouran ak dlo ki kalifye. Nenpòt kòb ki rete ap ekspire otomatikman nan fen mwa a oswa lè manm nan dezenskri nan plan an.</p>

## Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte:

AmeriHealth Caritas VIP Care  
11631 Kew Gardens Ave, Suite 200  
Palm Beach Garden, FL 33410

Moun ki deja manm yo ta dwe rele nan: **1-833-535-3767 (TTY 711)**

Moun ki envizaje pou yo vin manm yo ta dwe rele nan: **1-800-858-1487 (TTY 711)**

1<sup>re</sup> oktòb – 31 mas: soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, sèt jou sou sèt.

1<sup>re</sup> avril – 31 septanm: soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, lendi pou vandredi.

Si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou sèvis Original Medicare peye pou yo ak sa yo koute, gade ti liv ki rele *Medicare & You* a. Ou ka konsilte l sou sitwèb [www.medicare.gov](http://www.medicare.gov) oswa rele nan **1-800-MEDICARE (1-800-633-4227; TTY 1-877-486-2048)**, 24 ou 24, sèt jou sou sèt, pou mande yon kopi.

Enfòmasyon sa yo pa dekri tout prestasyon yo nèt. Rele nan **1-833-535-3767 (TTY 711)** nan orè ki endike anwo a pou jwenn plis enfòmasyon.

AmeriHealth Caritas VIP Care se yon plan HMO-SNP ki pase yon kontra avèk Medicare e ki pase yon kontra avèk pwogram Florida Medicaid la. Se si kontra sa yo renouve sèlman moun ka enskri nan AmeriHealth Caritas VIP Care.

Ou kapab jwenn dokiman sa a gratis nan lòt fòma, pa egzanp an gwo karaktè, an bray oswa sou fòma odyo. Rele nan **1-833-535-3767 (TTY 711)** ant dat 1<sup>re</sup> oktòb ak 31 mas, soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, sèt jou sou sèt. Ant dat 1<sup>re</sup> avril ak 30 septanm, rele soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, lendi pou vandredi. Apèl la gratis.